



Anons Lamès

Dimanch Gòdete

12/13 Desanm

Chak Nwèl, koleksyon pawas la yo benefisyè Clergy Health and Retirement Trust (Sante Klèje ak Fon Retrèt) ki pran swen sante ak byennèt prèt nou yo ki an règ. Lè ou sipòte koleksyon an, ou ka montre apresyasyon ou pou prèt yo ki te fè yon diferans nan lavi ou, lavi pawas nou an, ak lavi anpil lòt moun nan kominote nou an. Fè yon kout je sou bilten semèn sa a yon fason pou w ka fè kado pa w la jodi a.

Katriyèm Dimanch Lavan

19/20 Desanm

Koleksyon Nwèl k ap vini an ap benefisyè Clergy Health and Retirement Trust (Sante Klèje ak Fon Retrèt) la ki pran swen sante ak byennèt 536 prèt aktif nou yo ak sa yo ki nan laj avanse ki an règ. Kesewa nan kominote pawas nou yo oswa nan kominote a an jeneral, prèt nou yo ap fè yon diferans chak jou. Si ou kapab, tanpri konsidere bay yon kado jenere nan koleksyon Nwèl la ane sa a. Mèsi davans.

Lavèy Nwèl/Jou Nwèl

24/25 Desanm

Koleksyon Jodi a ap benefisyè Clergy Health and Retirement Trust (Sante Klèje ak Fon Retrèt) la ki pran swen sante ak byennèt 536 prèt aktif nou yo ak sa yo ki nan laj avanse ki an règ. Lè w sipòte koleksyon sa a, w ap ede asire ke prèt aktif nou yo resevwa swen ke yo bezwen pou kontinye travay enpòtan yo epi prèt ki nan laj avanse nou yo ka viv nan kominote avèk aksè a bonjan kalite swen. Koleksyon sa a se yon sous prensipal nan finansman pou Trust la epi jenerozite ou apresye anpil.

LAPRIYÈ FIDÈL YO POU LAMÈS LAVÈY NWÈL/JOU NWÈL:

Pou sante ak byennèt tout prèt nou yo ki an règ, ki sèvi nou san pran souf ak san egoyism. Ke yo ka kontinye ranfòse kominote nou yo pandan y ap pote prezans Kris la bay tout sa ke yo rankontre epi ke yo konnen apresyasyon nou pou tout sa yo fè pou anrichi lavi nou ak lavi anpil lòt moun, espesyalman pandan moman difisil sa yo.

Pou 202 prèt dyosèz ki nan laj avanse nou yo ki te bay lavi yo pou sèvi fidèl Acheveche nou yo. Se pou yo konnen lanmou ak apresyasyon ki santi pa moun sa yo ke lavi yo te make pa yo, epi ke Bondye beni yo pou vokasyon fidèl yo.

Premye Dimanch Nwèl

26/27 Desanm

Nan non prèt nou yo ki an règ, mèsi pou sipò ou bay a koleksyon Nwèl la pou Clergy Health and Retirement Trust (Sante Klèje ak Fon Retrèt) la. Si ou te rate koleksyon an, ou ka toujou fè don ou an. Fè yon kout je sou bilten semèn sa a pou fason ou ka fè kado pa w la jodi a.